ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№140 (23.548) ● 2017 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр Евтушенкэ Сергей егъэзащІэ

Май муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым дыгъуасэ иригъэкІуэкІа сессием муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр Полиенкэ Евгений щыщхьэщахащ езыр къызэрылъэІуам къыхэкІыу. Щ1ыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщэ иралъхьащ Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу нэхъ апэкІэ ягъэува Евтушенкэ Сергей.

ЕВТУШЕНКЭ Сергей 1974 гъэм Налшык къалэм къыщІалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер мэкъумэш Іэнатіэм и экономикэмрэ управленэмкІэ къиухащ. Экономикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ.

1996 гъэм лэжьэн щІидзащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щыІыгъащ: КЪБР-м промышленностымкІэ, связымкІэ, информатизацэмкІэ и министру, КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ, КЪБР-м и Парламентым и еплІанэ хэхьгъуэм и депутату щытащ.

Правительствэм, Іэнатіэ щхьэхуэхэм я дамыгъэхэр иІэщ.

УРЫС Ринэ.

● Мэшыкъуэ-2017

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэр къоблагъэ

«Мэшыкъуэ-2017» щІалэгъуалэ зэхыхьэм и къызэгъэпэщакІуэхэр форумым зэрыхуэхьэзырым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и хэщІапІэм.

УФ-м и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ Галактионов Андрей зэІущІэр къыщыхэзыухым къыхигъэщащ мы гъэм щІалэгъуалэ зэхыхьэм кІуэну зезыгъэтхахэм я бжыгъэр, адрей илъэсхэм елъытауэ, кУэдкІэ зэрынэхъыбэр икІи псори зэхэту цІыху минитху зэрыхьур. ЩІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ ныбжьыщІэхэм зым и пІэкІэ тІум, щым зрагъэтхащ.

«Ди гуапэ хьуащ Урысей Федерацэм и хэгъуэгу 63-м, нэгъуэщІ къэрал гъэнэгъэмрэ жьажьэхэмрэ ящыщу цІыху 23-м а Іэхъум хэтыну хуейуэ хъыбар къызэрыдагъэщІар», - жеІэ полпредым и къуэдзэм.

«Мэшыкъуэ-2017» щІалэгъуалэ зэхыхьэм и унафэщІ Головин Георгий хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, форумым и къызэгъэпэщакІуэ гупым хагъэхьнухэр яубзыхуащ.

Егъэджэныгъэ Іыхьэр зэрызэхэтынри ягъэбелджылащ. Махуэ кІэс екІуэкІыну щІэныгъэ утыку 30-м ящыщу ныбжьыщІэхэр 2-м кІуэн хуейщ. Ахэр зэрызыбжьынум, гупым уахэту уэзрылэжьэнум, Іэхъум умышынэу уэзрыгегушхуэнум, нэгъуэщІ куэдми хуэгъэзащІ.

«Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэм иджы япэу кІуэхэр Іэхъум хэгъуэзэн папщІэ, ипэ илъэсхэм си проект пхызыгъэкІахэм я лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзэну, ар зей ныбжьыщІэхэм епсэлъэну Іэмальфі яІэнущ.

Хабзэ дахэ хуауэ, форумым къыщыгъэлъэгъуа щІыналъэхэм я махуэхэри щхьэхуэу щагъэлъэпІэнущ а зэхыхьэм. Абыхэм лъэпкъ пщІантІэ цІыкІуэхэр ягъэуври, я Іэщ1агъэхэм, хабзэм, шхыныгъуэхэм, щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэм нэІуасэ хуащІ къызэхуэсахэр.

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэм и пшыхьэхэр программэ гъэщІагъуэнэкІэмкІэ, творческэ зэпеуэхэмкІэ гъэнщІауэ щытынущ. Апхуэдэущ «Кавказым и макъ», «Мэшыкъуэ и щыгум щагъэзащІэ къафэхэр», «КИФЩІ-м и махуэ», «Мэшыкъуэ-2017»-м и пщащэ, щауэ нэхъыфІ», нэгъуэщІхэри.

«Мэшыкъуэ-2017» и япэ, етІуанэ зэхыхьэгъуэхэр къыщызэІуахкІэ «Бурито», «Градусы» музыкэ гупхэр кърагъэблагъэнущ.

Ставрополь щІыналъэм и правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ Кувалдин Иринэ форумыр иратекІуэкІым папщІэ зыхуеину техникэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызыхуэтыншэу зэрызэщІауэздам тепсэлъыхьащ. А зэхыхьэм и шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщынум теухуауэ щытащ Ставрополь щІыналъэм щыІэ МВД-м и унафэщІым и къуэдзэ Дёмин Владимир и къэпсэлъэныгъэр.

Шыщхьэ1ум и 5-м щыщІэдзауэ тхьэмахуитКІэ зэхэтынущ Псыхуабэ мы гъэм къыщызэрагъэпэщ щІалэгъуалэ зэхыхьэр.

КРАПИВИНЭ Викторие.

КЪБР-м и инвестицэ зэфІэкІыр къэІэтыным Налшык къалэм щытопсэлъыхь

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Инвестицэ щытыкІэхэмкІэ лъэпкъ рейтингыр уб1ыхуныжьыкІэ Правительствэм и комиссэм и зи чэзу зэІущІэр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ инвестицэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза лэжьэкІэ нэхъыфІхэр къэгъэсэбэпыным.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я Іуэхущ1апІэу республикэм щыІэхэм я унафэщІхэр, КЪБР-м и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я унафэщІхэр, къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, республикэм щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Къызэхуэсахэр хэпльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и проект лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкІэ Іуэху нэхъыщхьэхэм я планыр гъэзэщІа зэрыхьум. КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Бэждыгъу Темырканэ и докладыр теухуауэ щытащ Іуэху нэхъ гугъуэхэр дзгъэкІыныгъэ теухуауэ къыхалъхьэхэмрэ ахэр зэрагъэзащІэмрэ. КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ ТІымыжь Хьусен тепсэлъыхьащ КЪБР-м къэпщытэныгъэ-кІэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр кІэщІэзыгъэзэгъэпэщам. КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ зэІущІэм щІэсахэр щыгъуазэ ищІащ хъярычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ республикэм щыІэфІагъэхІхэм.

ЗэІущІэм щыжаІахэм япкъ иткІэ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир иубзыхуащ бизнесым зегъэужьыныгъэ республикэм щыщІэ инвестицэ щытыкІэр егъэфІэкІуэныгъэ яхуэнэтІа Іуэхуэхэр.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.



Ди къуэш республикэхэм

Махуэшхуэ «Адыгэ джэгу»

АДЫГЕЙ. ***Республикэм зыщІыхуагъэхьэзыр Адыгейм и тхыдэмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэм - Зи хэкум къэзыгъэзэжам и махуэм.***

ИПЪЭС 12 хъуауэ Адыгэ Республикэм щыщхьэуІум и 1-м щагъэлъапІэ Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэр.

Махуэшхуэм и цІэкІэ Къэрал филармонием и утым деж щІалэгъуалэм щагъэлъэгъуэнущ. «Адыгэ джэгу» хабзэм хащІыкІыр. Абыхэм ягъэзэщІэнущ «ЗэхуэкІуэ», «Ислъэмей», «Лъапэрисэ», «Къафэ» адыгэ къафэжьхэр.

Мы Іуэхур зэрекІуэкІым кІэлъыплъынущ нэхъыжьхэр икІи пщащэ къафэгъэнухэм нэхъ дахэр хъыхахынущ. Къафэм и пшыхьым щытекІуэхэм фэеплъ саугъэтхэр иратынущ.

ПщІантІэхэр зэІуэзэпэщ ящІ

КЪЭРЭЩЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Къалэ зэпэщым теухуа проектым ипкъ иткІэ республикэм пщІантІэ 33-рэ зыхуеят щыхуагъэзэнущ.***

2017 ГЪЭМ кърибыдзэу сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщ ящІыну пщІантІэхэм щауфэ зыхунущ сабий, спорт утыкухэр, щІыпІэм щхьэантІагъэхэр щыхасэнущ. Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритымкІэ, лэжьыгІэр ирагъэкІуэкІынущ щІыхуэхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм тещІыхьауэ. Мы Іуэхур щІэгъэхуэбжьауэ щокІуэкІ Черкесск къалэм икІи илъэсым и кІэм ирихьэлІэу яухыну я мурадщ.

Совет зауэлІхэр ящыгъупщэркъым

АБХЪАЗ. ***«Санчара Высокогорный фронт-2017» къэлъыхъуакІуэ гупым республикэм къыщагъуэтыжащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэкІуэда совет сэлэт 30-м я къупщхьэхэр.***

ЛЪЫХЪУАКІУЭХЭМ я пашэ Медвенский Николай зэрыжиІащи, а сэлэтхэр хэкІуэдащ 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 15 - 16-хэм совет-тыдзэм Санчарэ щхьэдэхыпІэр къащтэну щыхэтам, ауэ ар абыхэм къайхъулІатэкъым. «Лагъым зыдзымкІэт абыхэм къаззрыхэуари, куэдыщ хэкІуэдат. 2016 гъэм и щыщхьэУІум Интернетым къралъхьат мы щІыпІэм къыщагъуэта къупщхьэхэм ятеуха хъыбар. Арати, гупыж тщІащ дыкъакІуэу ахэр зэщІэткъуэжьну, ди насып къихьмэ, сэлэтхэр зейр дгъэбелджылыну», - жиІащ Медвенскэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыблагъэ къыщызэІуаха Іуэхущ1апІэщІэм и закъуэщ жыг хадэхэр уэм щызыхъумэ тепхъуэхэр Урысей Федерацэм къыщыщІэзыгъэкІыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иджыблагъэ къыщызэІуахащ «Бетанет» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэр. Абы и закъуэщ пасэу къызыпыкІэ жыг хадэхэр уэм щызыхъумэ тепхъуэхэр щагъэхьэзыру Урысей Федерацэм щыІэр.

МЫБЫ Италием къраша иджырей Іэмэпсымэхэр щагъэващ икІи гъэ къэс предприятэм продукцэ нэхъыфІ дыдэу метр зэбгъэзанатІэ мелуани 8-м нэблагъэ къащІигъэкІынущ.

Апхуэдэу гъэмахуэм и хуабэгъуэм а тепхъуэхэм жьауэ ядэ икІи пхъащхьэмащхьэр дыгъэпс гуащІэм щахъумэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм пасэу къызыпыкІэ жыг хадэхэр куэду гъэ къэс зэрыхасэр къэплъытэмэ, нэгъуэщІ къэралхэм къыщащхэуу щыта тепхъуэм щІэупщІэшхуэ иІэнущ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Школыр фІы дыдэу къэзыухахэм ящыщу ди университетым щІэтІысхьэхэм япэ илъэсым къриубыдэу мазэ къэс сом мини 10 стипендиеу иратынущ

Профессор Альтуд Юрий.

Хабзэ зэрыхъуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Темырканэ Хьэту и цІэр зезыхьэ и щэнхабзэ центрым Іуэхущ1апІэщІэм и 24-м ректор Альтуд Юрий щахуэзащ университетым щІэтІысхьэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ ІуэхугъэмкІэ проректор Къумыкъу Іэуес, университетым щІэтІысхьэнухэр къыхэныныкІэ комиссэм и унафэщІ Гъэзугъэкъуэ Тимур, еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэхэр гъэхьэзырыныр абыхэм Іэщ1агъэ къыхэхыныкІэ ядэІэпыкъуныкІэ Іэнатіэм иужьрей зэманым къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэрщ, бюджет ахъшэкІэ ирагъаджэхэр зыхуэдизымрэ абыхэм яхэхуэн папщІэ зыхуейхэрщ.

Ректорым зэрыжиІамкІэ, балл нэхъыбэ дыдэ зиІэхэм ящыщу университетым щІэтІысхьэну тезыхуэхэм илъэс псом къриубыдэу мазэ къэс стипендиеу сом мини 10 иратынущ, абыхэм япэ семестрыр «фІыр» «фІы дыдэкІэ» къауХьфмэ.

ДОЛ Иннэ.

Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэм и кулыкъур щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м *Налшык къалэ №15/1-6*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 13-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №223-РЗ-м и 3-нэ статьям и Іыхьэ 11-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2017 гъэм мазаем и 14-м къыдигъэкІа Унафэ №5/4-6-мкІэ къыщта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Регламентым и 17-нэ, 42-нэ статьяхэм япкъ иткІэ икІи Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэр езыр и щхьэкІэ къызэрылъэІуам къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэм и кулыкъур щхьэщыхьын 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м щегъэжьауэ.

2. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернет хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав.
Къэбэрдей-Балъкъэр Рспубликэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ.

Джаппуев Мусэ Хьисэ и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарым и и къулыкъур щхьэщыхьым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м *Налшык къалэ №15/2-6*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 13-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №223-РЗ-м и 3-нэ статьям и Іыхьэ 11-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2017 гъэм мазаем и 14-м къыдигъэкІа Унафэ №5/4-6-мкІэ къыщта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Регламентым и 17-нэ, 42-нэ статьяхэм япкъ иткІэ, икІи Джаппуев Мусэ Хьисэ и къуэр езыр и щхьэкІэ къызэрылъэІуам къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Джаппуев Мусэ Хьисэ и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарым и къалэныр щхьэщыхьын 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ.

2. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернет хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав.
Къэбэрдей-Балъкъэр Рспубликэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэр зэхыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м *Налшык къалэ №15/5-6*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №223-РЗ-м и 3-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и Регламентым и 11-нэ, 12-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэр пхъэидзэкІэ зэрыхахам теухуауэ къэзыбж комиссэм 2017 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 24-м итхыжа протокол №2-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэу зэлымыууэ (штатым хэту) лэжьэну хэхьн Джаппуев Мусэ Хьисэ и къуэр.

2. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернет хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ сайтым илъхьэн.

3. Мы унафэм къару егъуэт 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав.
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ.

Майкопым и щІыналъэ щыІ ЩІалэгъуалэ зэхыхьэм и Къэрал Думэ и депутатхэр ирагъэблагъэ

Мэшыкъуэ-2017 щІалэгъуалэ зэхыхьэм и къызэгъэпэщакІуэхэр форумым зэрыхуэхьэзырым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и хэщІапІэм.

УФ-м и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ Галактионов Андрей зэІущІэр къыщызэІуихым къыхигъэщащ мы гъэм щІалэгъуалэ зэхыхьэм кІуэну зезыгъэтхахэм я бжыгъэр, адрей илъэсхэм елъытауэ, кУэдкІэ зэрынэхъыбэр икІи псори зэхэту цІыху минитху зэрыхьур. ЩІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ ныбжьыщІэхэм зым и пІэкІэ тІум, щым зрагъэтхащ.

«Ди гуапэ хьуащ Урысей Федерацэм и хэгъуэгу 63-м, нэгъуэщІ къэрал гъэнэгъэмрэ жьажьэхэмрэ ящыщу цІыху 23-м а Іэхъум хэтыну хуейуэ хъыбар къызэрыдагъэщІар», - жеІэ полпредым и къуэдзэм.

«Мэшыкъуэ-2017» щІалэгъуалэ зэхыхьэм и унафэщІ Головин Георгий хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, форумым и къызэгъэпэщакІуэ гупым хагъэхьнухэр яубзыхуащ.

Егъэджэныгъэ Іыхьэр зэрызэхэтынри ягъэбелджылащ. Махуэ кІэс екІуэкІыну щІэныгъэ утыку 30-м ящыщу ныбжьыщІэхэр 2-м кІуэн хуейщ. Ахэр зэрызыбжьынум, гупым уахэту уэзрылэжьэнум, Іэхъум умышынэу уэзрыгегушхуэнум, нэгъуэщІ куэдми хуэгъэзащІ.

«Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэм иджы япэу кІуэхэр Іэхъум хэгъуэзэн папщІэ, ипэ илъэсхэм си проект пхызыгъэкІахэм я лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзэну, ар зей ныбжьыщІэхэм епсэлъэну Іэмальфі яІэнущ.

Хабзэ дахэ хуауэ, форумым къыщыгъэлъэгъуа щІыналъэхэм я махуэхэри щхьэхуэу щагъэлъэпІэнущ а зэхыхьэм. Абыхэм лъэпкъ пщІантІэ цІыкІуэхэр ягъэуври, я Іэщ1агъэхэм, хабзэм, шхыныгъуэхэм, щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэм нэІуасэ хуащІ къызэхуэсахэр.

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэм и пшыхьэхэр программэ гъэщІагъуэнэкІэмкІэ, творческэ зэпеуэхэмкІэ гъэнщІауэ щытынущ. Апхуэдэущ «Кавказым и макъ», «Мэшыкъуэ и щыгум щагъэзащІэ къафэхэр», «КИФЩІ-м и махуэ», «Мэшыкъуэ-2017»-м и пщащэ, щауэ нэхъыфІ», нэгъуэщІхэри.

«Мэшыкъуэ-2017» и япэ, етІуанэ зэхыхьэгъуэхэр къыщызэІуахкІэ «Бурито», «Градусы» музыкэ гупхэр кърагъэблагъэнущ.

Ставрополь щІыналъэм и правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ Кувалдин Иринэ форумыр ираГъэхІуэкІым папщІэ зыхуеину техникэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызыхуэтыншэу зэрызэщІауэздам тепсэлъыхьащ. А зэхыхьэм и шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщынум теухуауэ щытащ Ставрополь щІыналъэм щыІэ МВД-м и унафэщІым и къуэдзэ Дёмин Владимир и къэпсэлъэныгъэр.

Шыщхьэ1ум и 5-м щыщІэдзауэ тхьэмахуитКІэ зэхэтынущ Псыхуабэ мы гъэм къыщызэрагъэпэщ щІалэгъуалэ зэхыхьэр.

КРАПИВИНЭ Викторие.

НОБЭ

♦Эсперантэ бзэм и махуэщ. 1887 гъэм Варшавэ (Польшэ) урысыбзэкІэ къыщыдэкІащ эсперантэ бзэр зэрырагъэджыну япэ учебникыр.

♦1770 гъэм, Урыс-Тырку зауэм и зэманым, генерал Репнин Николай зи пашэ дзэм Измаил быдапІэр къиштащ.

♦1805 гъэм Везувий вулканыр къибыгъуэкІри, Неаполь къалэм и зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр зэтрикъутащ. А гъэзэгъуэм цІыху мин 26-м нэблагъэ хэкІуэдауэ щытащ.

♦1946 гъэм Москва къыщызэІуахащ СССР-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.

♦1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу гъэзугуанэшхуэ зэпызычыф балиистическэ ракетэр иутІыпщащ.

♦1963 гъэм Горький дэт автозаводым щызэпкъралъхьащ хьэльэзешэ автомобиль лІэужьыгъуэщІэр - «ГАЗ-53»-р.

♦1963 гъэм Югославием и къалэ Скопье щІыр щыхьэйри, ухуэныгъэ куэд зэтрикъутащ, цІыху миниш щІигъуи хэкІуэдащ.

♦1993 гъэм Урысейм пщІэ щамыІэж хъуащ СССР-м кІыщыдагъэкІа ахъшэхэм. 1961 - 1992 гъэхэм зекІуа совет ахъшэхэм я пІэ къиуващ урысей сомыр.

♦ТхакІуэ, тхыдэдж-архивист, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Онер Четин (Гъэгулі)** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхубз усакІуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бицу Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІу щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Іэщын Руслан** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыну щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зэхьэзэхуэр мэунэри, зэижитІыр мэунэхъу.

Жыщхьэ махуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналист нэхъыжь дыдэхэм ящыщ Къумыкъу Хьэутий Уэзырмэс и къуэр мы гъэм илъэс бгъущI ирокIу. Хэку зауэшхэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран нэхъыжьыфIым и гъащIэр матэщIэдзауэ щыта-къым, къызэринэкIа гъэзгуанэ кIыхьым ар гугъуехь куэдым щыхуэзащ, Iэджэ и нэгу щыщIэкIащ икIи щигъэунэхуащ. А псори и гум кьинэжащ, ауэ нобэр къызэдэсым къеныкъуэкъу зэпыту, зэман жьжьэм хашэжрэ и блэкIахэр къагъэщIытэжу кьыдекIуэкIыр икIи псэкIэ зэригъэзахуэр и кьэжэпхъыгъуэ-зыужьыгъуэ илъэсхэрщ...

СИ ПАЩХЬЭМ къисщ куэд зылъэгъуа, гъащIэм и пIалъэ зыщIэ, гушыIэр зи щIасэ лIы бжьыфIэ хэкIуэтар. Зыхалъхуа лъэхъэнэм и архъуанэм щысхьыншэу ириудэкIами, гугъуехьхэм пасэу псэкIэ балигъ зэращIам и щыхьэту, мы дунейм гушхуауэ зэрыстетыр бэнщ. Хэт ищIэн, гъащIэм и Iэфlри и дыджри зэпилъытыфу, дахагъэмрэ гуапагъэмрэ и Iэпэгъуу, ахэр игъэнэхъапэу къыщIэгъуэгурыкIуэр, абыкIэ къару кьезытыр, кьыхупезыгъащIэр арагъэнщ.

«КъэбгъэщIам кьриубыдэу сыт нэхъ уигу кьинэжар?» - жыпIэу ущеупщIкIэ, и жэуапыр хьэзырщ: «Си сабиигуэр зыхисхьа Хэку зауэшхуэрщ».

Нэмыщэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым кьыззрытеуэрэ махуэ бжьыгъэ нэхъ дэмыкIыу, Алътуд кьуажэм и курыт еджапIэмрэ машино-трактор станцымрэ я унафэщIхэу Хьэтэ Токъан, ШкIахъуэ Хьэмид, жылэм щызэхэт колхозым и тхьэмадэ Мэржэхъу Уэлий сымэ илъэс 12-13 зи ныбжь щIалэ цIыкIухэр зэхуашэсри, Хэкум кьыльэIэса щынанэуэр зыхуэдэр гурагъэIуащ. Iэщэ зыныгъыфынуэр фронтым яшэрти, лIыжь-фызыжьхэмрэ зи кьэжэпхъыгъуэ ныбжьыщIэхэмрэ губгъуэ лэжьыгъэхэр я пщэм дэхуат. Абы кьыхэкIыу, гъэ ещанэгъуэщIэр кэсэныу школакIуэхэр колхозым дэIэпыкъун хуейт.

- Унафэр хьэзырти, етIуанэ махуэм шыгукIэ дыдашри, трактор пщыIэхэм прицептесу дытрагуэшащ. ЗыщIедмыгъэхыу, нэхъыжьхэр кьыткуэарэзыуэ дылажьэуэ, гъэмахуэ лъэхъэнэр ихуащ, ауэ дыкьызэрагъэгугъам хуэдэу, фокIадэм и зым школым драшэлIэжакъым, абы и пIэкIэ, трактор зегъэкIуэкIэм дыхуагъасэу щIадзащ. Тракторым япэу сыщытетыхьам си лъакъуэхэр педалым нэсыртэкъымми, зысшэщIуэр сыщыту къэзгъэвыIэрт икIи егъэжьэжырт.

ЩытыкIэр икъукIэ хьэлъэт: хьыбар гуаузэр къуажэдэсхэм кьаIэрыхьэу уеужьат. А гукъуэтэр ди унагъуэми кьыльэIэсащ. Зэрагъэхь щымыIэу кьэртхуэкIуэ тхьилъхэм итт СССР-м и къэрал гъунапкъэм щыIэ Брест Литва кьалэ цIыкIум си шынэхъыжь Бэлэтокъуэ зэрыщыкъэкIуэдар, абы кьыкIэльыкIуэ Хьэбалэ Краснодар и Iэшэлъашэм зэрыщаукIар. А псор си адэм хуэхьакъым, игъуэ нэмысу дунейм ехьжащ. Ауэ, зэрыжаIэщи, зыр лIакIэ адрейм зилэжьэнутэкъым, хозяйствэм зыкъиужьыжьыу Iуэхум хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIхэр ямыутIыпщмэ нэхъ къащтэрт. Хьэутий лэжьакIуэфIхэм, нэхъ жьыджэрхэм ящыщти, зыIэщIагъэкIыну хуейтэкъым.

- Мэкъумэш техникумым сыззрыщеджар зы илъэсщ. Япэ курсыр кьэзухауэ, си насыпым кьрихьэкIри, журналист Iэщ1агъэр лэжьыгъэ схуэхъуащ. Тхьилъ тедзапIэм щезгъажьэри, абы илъэсиплIкIэ корректору сыщыIащ. А кьалэныр зэресьэкIым хуэдэу, тхьилъхэр, брошюрэхэр адыгэбзэкIэ зэздзэкIащ. 1950 гъэм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр Къэбэрдей пединститутым сыщIотIысхьэри, «Къэбэрдей пэж» республикэ газетым жэщырылажьэ корректору соув, сызыхэс курсым и старостэу сыхах, еджэныр къэзыуха нэужь, редакцэм сыкъагъэнэж, - кьыддогуашэ и щIалэгъуэ илъэсхэр зыхуэдамкIэ Къумыкъур. - Къэбэрдей-Балъкъэр радиоми жыджэру сыдэлажьэрти, радиокомитетым и тхьэмадэ Кьардэн Баширрэ газетым и редактор Сэхьу Къэрэщейрэ я жьIэкIэ, 1954 гъэм зэдзэкIакIуэу радиом сагъакIуэ, илъэситI нэхъ дэмыкIыу, хьыбарыщIэхэмкIэ программэм жэуап зыхь и редактору сагъэув икIи 1965 гъэ щIондэ абы сыщолажьэ. Си дежкIэ а илъэсхэр соуивэ. ПщIэшхуэ зэхуэтщIу сызыдэлажьэхэр ноби си нэгум щIэтщ. Абыхэм ящыщщ радиокомитетым и тхьэмадэу лэжьа цIыкIу гъуэзэджэ, ущиякIуэ нэс, Iуэхуэзехьэ Iэзэ Кьардэн Башир, абы и къуэдзэу щыта Хьэмыкъуэ Хьэбыж, редакторхэу Бищо Асльэн, Емуз Гъузер, Дыкъынэ Хьэмид, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, корреспондентхэу Хьэмгъуокъу Барэсбий, диктораз хэу ЩакIуэ Хъужь, Безрокъуэ Хужь, Мэрзей Умар, Шэт Николай, зэрыбкIэ тезыдзэхэу ПIатI Нинэ, Вербитская Катя, звукооператорхэу Ащпокъуэ Николай, Никитин Фёдор, Бурда Сергей сымэ, нэгъэущIхэри.

КъыкIэлъыкIуэ илъэс 23-м, 1988 гъэм пенсэм кIуэхукIэ, Къумыкъу Хьэутий Къэбэрдей-Балъкъэр телевидензэм корреспонденту щылэжьащ, и цIэфI жригъэIэу республикэм и журналистикэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Абы хуэфащэу зэрехьэ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм кьиргъэлъэгъуа гуащIэдэкI лъагэм папщIэ», «Лъжьыгъэм и ветеран» медалхэр, «Германием дызэрытекIуам папщIэ» юбилей медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэмрэ щIыхь тхьилъхэмрэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Къумыкъу Хьэутий жьыщхьэмахуэу зелъытэж, сыту жыпIэмэ, и къуэрыльху-пхъурыльхухэм кьатепщIыкIыжа ныбжьыщIэу 15 нобэ абы кьыщIоувэ.

Мыгувэу зи илъэс бгъущIыр зыгъэльэпIэну нэхъыжьыфIым дохъуэхъу узу щыIэм пэIэщIэу дяпэкIи кьыхуэзэпищэну, и мурадхэмрэ и хъуэпсапIэхэмрэ я нэхъыфIхэм лъэIэсыну, и щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд хэплъэну.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къумыкъу Хьэутий

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Амман къалэм щохьэщIэ. Абы кьыбгъэдэтщ Хьэшимит къэралым и пащтыхь Абдулыхь ЕтIуанэр. И бгъуитIымкIэ щытщ адыгэ гвардием хэт къэбэрдей щIалэхэр.

2007 гъэ, мазаем и 12

«Иджыри зэ Бэчмырзэ теухуауэ...»

ТхылъыщIэ

ПащIэ Бэчмырзэ и фэеплъыр мыкIуэдыжыным и гъащIэ псор триухуащ Нартан къуажэм щыщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ ПащIэ Лёнэ.

УСАКIУЭР къызэралъхурэ илъэси 150-рэ щрикъур къыщыблагъэм, Нартан къуажэм ПащIэ Бэчмырзэ и унэ-музей къыщызэIуахыну КъБР-м и Правительствэм унафэ кьиущтауэ щытащ. АращхьэкIэ илъэсхэр кIуэрт, республикэм а Iуэхум мылъку хухимыхьфурэ. А зэманым ПащIэ Лёнэрэ и щхьэгъусэ, усакIуэшхуэм и къуэрылъху Тlэмашрэ кьатитIу зэтет гъэ ящыну кьраГъэжьат. Къэрал унафэр и пIэ щимыкIым, езыхэм ящыну кьраГъэжьа унэр кьагъанэри, абы пэгъунэгъуу музейр яухуэн щIадзащ, усакIуэм и юбилейр кьызэрыблагъэм кьыхэкIыу. Я гъэтIылъыгъэ псори абы трагъэкIуадэри, 2004 гъэм и пэщIэдзэм, усакIуэшхуэр илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу, музейм и унэр нагъэсащ, езыхэм я кьаркIэ. Абы щыгъуэм ПащIэ Лёнэ лъэIу тхылъ хуитхат а зэманым республикэм и Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий яухуа унэр къэралым и мылъкуу кьалъытэу, абы ПащIэ Бэчмырзэ и музей кьыщызэIуахыну. КъБР-м и Правительствэм унафэ кьищтэри, музейр къэрал мылъкум хагъэхьащ, абы и унафэщIу яГъэуващ щыхубэ гъэздржэм хуэпэж, и Iыхьлы цIэрыIуэм и фэеплъыр хъумэнымкIэ жыджэру Iуэхуэр езыгъэкIуэкI ПащIэ Лёнэ.

Нобэми уэрэджыIакIуэм и кьаруи и мылъкуи трегъэкIуадэ музейр зыхуэИ хуэзэу зехьэныи, Iуэхущ1апIэм щекIуэкI лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, усакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ущызыгъэгъуазэ хьэпшыпхэр зэхуэхьэсыжыным.

АбыкIи зэфIэкIакъым усакIуэшхуэм и фэеплъыр хъумэным теухуауэ Лёнэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэр. ПащIэхэ я щIапIэм пэгъунэгъу Жэмыжькьыкъуэ къуэкIиим щища щIыынэщ цIыхубэ усакIуэшхуэм лэжьапIэ «пэшу» иIар. Абдежым абы щызэхилъхьащ и алыфбейр икIи и тхыгъэ нэхъыфIхэр кьыщигъэщIащ. Лёнэ мурад ищIащ а щIыпIэр къигъэщIэрэщIэжыну: Бэчмырзэ и унэ цIыкIр зригъэпэщыжу, абы ухуэзышэ лъэс лъагъуэ дахи пхищIыкIыну. ЦIыхубэ жьыджэрыр Iуэхум иужь ихьэри, усакIуэм и гъащIэм епха щIыпIэр зэрагъэдэхэну щIыкIэм и проектыр пхигъэкIащ.

ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр цIыхуэм ящымыгъупщэжынымкIэ Лёнэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэм щыщщ иджыблагъэ кьыдигъэкIа «Ещё раз о Бекмурзе Пачеве» тхылъыр. Абы къыщыбгъэтынущ Бэчмырзэ, ПащIэхэ я лъэпкъым ятеухуауэ нобэр къызэдэсым куэд зыщымыгъуэза хъыбархэмрэ сурэтхэмрэ. Абыхэм яхэтщ усакIуэм и благъэхэу хамэ кьэралхэм, нэхъыбэу Сириемрэ Иорданиемрэ, щыпсэухэм я сурэтхэр. Ахэр Лёнэ а щIыпIэхэм щыщIыам зэхуихьэсыжауэ щытащ. Апхуэдэу уэрэджыIакIуэм кьихутащ Бэчмырзэ ХьэжмырзэкIэ еджэу къуэш-зэтIолъхуэныкъуэ зэрИар. Ар Урыс-Кавказ зауэм и зэманым Хэкум иЗэпхъуКIыу Тыркум кIуахэм яхэтащ. Абы кьытехуэкIыжахэр мы зэманым Сирием щопсэу икIи ПащIэ унэцIэр зэрахьэ. Абыхэм ящыщ куэдым я гъусэу Лёнэ зытригъэха сурэтхэр тхылъым ихуащ.

Апхуэдэу кьыдзэкIыгъуэм ихуащ ПащIэ Бэчмырзэ 1891 гъэм Тыркум зэрыщыIам щыхьэт техъуэ дэфтэр тхыгъэ. Бэчмырзэ абы щыпсэу адыгэхэм я щIэкIэ-псэукIэм зыщигъэгъуазэри, ахэр зыхэхуа гугъуехьым теухуа хъыбарыр, гъэпцIагъэкIэ хамэ щIыпIэ кьыщыхутахэм хэкум икIыну зызыгъэхьэзырхэм жэнэт щIынальэр ямыбгынэну зыкъызэрыхуагъаз тхыгъэр къахихьащ. ПащIэм къуажэ-къуажэкIэрэ кьызэхикIухьурэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я Iуэху зыIутым и лъэпкъэгъуэхэр щигъэгъуэзащ. ЦIыхухэм пщIэ зыхуащI нэхъыжьыфIым жиIэр я фIэщ хъури, я хэкур ябгынакъым. Апхуэдэ щыкIэкIэ и лъэпкъэгъу мин бжьыгъэ хэхэс гъащIэ дыджым щихуэмауэ щытащ абы.

ПащIэ Бэчмырзэ Адыгейм щыкIуам, Мейкьуапэ щылажьэ шэшэн егъэджакIуэм, жылагъуэ лэжьакIуэм, революцэм и пэкIэ Урысейм и Къэрал Думэм хэхыгъуитIкIэ и депутату щыта Эльдарханов Таштемир зэрыхуэзам теухуа хъыбар гъэщIэгъуэни итщ тхылъым. Бэчмырзэ Тыркум къызэрикIыжар икIи адыгэхэр абы мыIэпхъуэным теухуауэ Iуэху щхьэпэ зэриригъэкIуэкIыр къыщищIэм, абы жиIащ: «Шэшэнхэмэ ингушхэми ящыщ куэдым Тыркум псэукIэ дахэ къаззэрыщыпэплъэм теухуа хъыбар нэпцIхэр я фIэщ хъуауэ, я Хэкур ябгынэ. Абыхэми яжеIэ къапэплъэм и пэжыплIэр зыхуэдэр». Эльдарханов Бэчмырзэ и Хэкум ишэри, шэшэнхэмрэ ингушхэмрэ яхуигъэзащ икIи я кIуэдыр къызэрыкIыну гъуэгуанэ шынагъуэм абыхэм ящыщ куэд щихъумащ. ПащIэ Лёнэ дэфтэр тхыгъэхэр и лъабжьэу а хъыбарым и пэжыплIэр ныIуэ ищIащ.

Адыгэхэр дызэрыгушхуэ цIыхубэ усакIуэм и фэеплъыр мыгъэкIуэдыжынымкIэ апхуэдэ Iуэху куэд зыфIэзыгъэкI ПащIэ Лёнэ, шэч хэмылъу, пщIэи фIыщIи хуэфащщ.

МЭРЕМ Задин.

Хадэхэкlхэр

Джэш щхъуантIэм и чэзущ

«Агро-07» ООО-м иджыпсту и гуащIэгъуэу джэш щхъуантIэр (горох) кърехьэлIэж. Уэлбанэрилъу щытами, хадэхэкIыр яхуэзбгъуащ: зы гектарым хуэзэу къытрах центнер 65-70.

ЛъЭ БЫДЭКIЭ ува Iуэхущ1апIэм и щIым къытрих хадэхэкIым езыр йолэжьыж. Кьаха джэш щхъуантIэр занщIэу ирашалIэ консерв заводым. Абы хадэхэкIыр щызэхадз, щалъэсри, зэрагъэфIэIуным хуэдэу банкIэм щралъхьэж. Джэш щхъуантIэм зэрелэжьа зы мазэ пIалъэм фIэIугъэ банкIыу мини 7,5-м щIигъу кьыщIагъэкIыну хунэсащ. Иджыри джэш щхъуантIэу гектари 90-м нэс Iуихыжьын хуейуэ кьыпэщылъщ.

«Агро-07» Iуэхущ1апIэм илъэс кьэс пIалъэкIэ лэжьыгъэ щагъуэт цIыхуи 100-м нэхъ мынэхъ мащIэм. Ахэрезым я транспорткIэ кьраш республикэм и кьалэ, жылагъуэ куэдым. «Агро-07»-р джэш щхъуантIэм кьыкIэлъыкIуэу помидорым, нащэм, жэгундэм, кьэбистэм елэжьынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м и прокуратурэм и коллегием и зэIущIэ зыубгъуам щызэхалъхьэжащ а Iуэхущ1апIэм и къудамэхэм мы гъэм и яп1э мазихым зэфIагъэкIар, апхуэдэу законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным хуэунэтIауэ етIуанэ илъэс ныкъуэм къапэщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Сыдорук Иван, республикэм и прокуратурэм и аппаратым и лэжьакIуэхэр, къалэхэм, районхэм я прокурорхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурор Жариков Олег и докладымрэ къэпсэльъахэм жаIахэмрэ зэпкъраха нэужь, зэхуэсахэм къагъэлъэгъуащ УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм республикэм и прокуратурэмрэ я коллегиеизм кьыщацтауэ щыта унафэхэм тету КъБР-м и прокуратурэм и къудамэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэуцуа. ЦIыхухэм конституцэкIэ яIэ правахэр, хуитыныгъэхэр, къэралымрэ жылагъэмрэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным, щIэпхъаджагъэхэм зэребэн, коррупцэм зэрыпэщIэт пхыдзахэм кIуэнущ, дохутырхэм пщIэншэу цIыхухэм я узыншагъэр къапщытэну.

КьепшэкI хъу комплексым иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэща пэши 5 хэтщ. ЦIыхухэм егупъуу кьепIынущ терапевтхэр, рентгенологхэр, гинекологхэр, офтальмологхэр. Комплексым хэтщ УЗИ-мкIэ кабинет зэпэщ, лъыр кьыщапщытэ лабораторэ. Абы цIыхуи 100-м щепIыкфынущ. Аруан, Лэскэн щIынальэхэм зэрыщылэжьэну пIалъэр иджыпсту ягъэбелджылы.

ДУДЕЙ Заремэ.

Узыншагъэ

Дохутырхэр хьэзырщ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм районхэм я зэдай сымаджэщым тыгъэ хуищIащ цIыхухэм я узыншагъэр кьыщапщытэ «Диспансеризация» комплексыр.

АР ДИ республикэм и щIыпIэ

КъБР-м и прокуратурэм

ЗэуIуу лэжьыпхъэхэр щагъэбелджылы

щIыкIэр егъэфIэкIуэным гулъытэ хэха хуащIащ.

Апхуэдэу прокуратурэм и къудамэхэм я лэжьыгъэм хэлъ ныкъуэныгъэхэми тепсэлъыхьащ, ахэр гъэзэкIуэжыным, прокурор кIэлъыплъыныгъэр гъэпсыным, закономрэ хабзэмрэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэуIуу зэфIэкIыпхъэхэр яубыхуащ, абыкIэ жэуапткIуэхэмрэ пщэрыльхэр щагъэзэщIэн хуей пIалъэхэмрэ ягъэбелджылащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Налшык

ЩIыпIэр ягъэкъабзэ

Налшык и Долинск хьэблэм удэкIыу Хьэсэнейм ухуэзышэ лъэмыж икIыпIэхэр сыт щыгъуи кьабзэу зэрахьэу щытащ, зыплъыхьыпIэ щIыпIэ нэхъ дахэхэм зэрыхабжэм кьыхэкIыу. КъимыдзкIэ, лъэмыж бгъуфIэм уэрикIыу къабзагъэ мардэхэм ткIийуэ щыкIэлъыплъ сымаджэщыр кьыщытщ.

ИУЖЬРЕЙ зэманым мы щIыпIэр гулъытэм щIэкIа нэхъей, кIэрыхукIэ, пхъэнкIий жьыпIэми, куэд щIэзэтрихьат: пластик пулъкIэхэр, стэчанхэр, целлофан кьэпхэр. ЩIыпIэ администрацэм кьызэригъэпэща щIыхьэхэм хэта жылагъуэдэхэм псори зэщIагъэкъэбзащ. Хьэсэнейдэхэм я Iуэхур кьыдалъытащ «Горэлектро»-м и лэжьакIуэхэм. Абыхэм я техникхэмкIэ кIэрыхубжьэрыхухэр дашащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Гъуэгунокъуэ Аскэр псоми ятокIуэ

Росгвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и «Эльбрус» СОБР-м махуищкIэ щекIуэкIащ лэжьакIуэ нэхъыфIцIэр зыIэрыгъэхьэным хуэпабгъэу я Iэщ1агъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр щагъэлъэгъуа зэхьэзэхуэ. А зэпеуэм хэтащ гупым и лэжьакIуэ 40.

МАХУИЩ зэпеуэм кьрикIуахэр зэхалъхьэжри, сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи нэхъыфIу кьалъытащ Росгвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и «Эльбрус» СОБР-м и оперуполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и лейтенант нэхъыжь Гъэгунокъуэ Аскэр. ЕтIуанэ, ещанэ уеблIэкIэр зэдагъэшащ полицэм и сержантхэу Мэш Рустамрэ Къарэ Азрэтрэ.

Iэнатlэ хэхахэм я лэжьакIуэ нэхъыфIхэм дамыгъэхэр яритащ Росгвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и «Эльбрус» СОБР-м и унафэщI полицэм и полковник Щоджэн Къадир.

УАРДЭ Жансурэт.

Адыгэ хабзэ

КІасэ Хьэзрэіил и псэм щыщ Іыхьэ

Псыгуэнсу къуажэм 1932 гъэм къыщалъхъа КІасэ Хьэзрэіил къызэрыгуэкІ лэжьэкІуэжьт. Ар дунейм зэрыхькрэ илъэс 20 мэхъу. Хьэзрэіил уухаКІуэ Іэзэти, и кІуажэгъуэм Іэхъутхьэбзэкэр яхуи-кІыдзэрэ хьыбарегъащІэ кІыхьыгъащ щэн ирилъхьэ. ЯтеплІанэ классхэр къуажэ школым къыщызухауэ ныбжьэгъу куэд сызэрыщІэми емыльытауэ, зэманыр зэшыгъуэ сфІэхъыгъ.

Зы махуэ гуэрым ди деж къыдэлъадэщ КІэрашэкэ Албэчэрэ Дауэхьанрэ ятІонэрэ ящІэ. Налифкэ. Абы къыджиІащ хъыбарыщІэ къаухихьу Урыху нэс хьэщІэ къаззэрыхиКІар икІи къыхигъэщащ сэри зыгуэркІэ сэбэп сахуэхьуну Іыхьлыхэр къызэрысщыгугъэр.

Дауэхьанрэ ди анэ Екатеринэрэ сыт хуэдэ ІуэхуэкІи зыдэІэпыкъуу апхуэдэт. Дауэхьан куэдрэ къыхуихуэрт езым и бынхэм къадэкІуэу дэ зэкъуэшитхуми къытКІэльыпІыну. Дэри ар ди анэ етІуанэу дыбжу, фІы дыдэу тІъаГъурт. Мамэ пщэдджыжьым къыщыщІэдзауэ жэщ хьуху къуажэ курыт школым щыІэт, сменитІ иригъаджэу. Ар къэгъэ хьумэ, дэ дыкъызэрымэжаІэу Дауэхьан деж дыжэрт. Метр 400 хуэдэ къыщІэкІынт ахэр зэрыгтпэжьыжьэр...

КъысхуэІуэ щыжаІэм, сепІэщІэкІыу зызгъэхъэзыпрн, Налифкэ и гъусэу Албэчхэ сунэтІащ. Дауэхьанрэ Албэчфэ я пщІантІэм зэрызэхьэхуэ дэлът, гъунэгъуи жэрэгъуи зэрыжаІэм хуэдэу, зэхуэсауэ. Нэхъ гъэщІагъэ ЗнратІ, апхуэдизкІэ къыхуахьа хъыбарым ахэр къигъэуІэбжьаты, зым жиІэр адрейм зэхамыхьыжу зэпсалъэрт. Цыхухъуэхэм джэдкъазыр кърахуэкІырт, цІыхубзхэм лэкъым ягъажьэрт, хэти пІастэр шыуанышхуэм щызэІищІэрт. ЗанщІэу къызгурыуащ гуфІэгъуэ гъэрым зэрыгъэкІуэсэзырыр.

Дауэхьан гу къыщыслъитэм, Урыху къыкІыу хъыбарегъащІэ къагъэкІуа щІалэр сигъэщІыхуащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, абы хъыбарыфІ къытхуихьат. Албэчрэ Дауэхьанрэ Урыху дэс я Іыхьлыхэм я деж хьэщІапІэ ягъэкІуну нэхъыжь Рае яхьэгу хьэгъуэлІыгъэр щэбэт гъунэгъум траухат. ХъыбарегъащІэ къагъэкІуа щІалэм уасэІыхьр здищэну и пщэрылът. А псом зыхуагъэхьэзырыным махуит фІэкІа къахуэнатэкъым. Ещанэ гъ пщыхьэщхьэм уасэІыхьр кІэунт.

КІэрашэ Анатолэ лъэныкъуитКІэ нысащІэри щаэри благъаГъэкІэ къиубыдырт. ЗанщІэу гу лъыстащ хьэлкІи тепльэкІи дэ тІур дызэрызэмыщхьым. Ар и теплъэкІэ къамылфэт, набдзэ Іуврэ фІамыщІым хуэдэу щхьэц фІыщІэрэ зытелъ щІалэ сабыр цІыкІут. Сэ сыдрийпсрийт, щІалэ цыплът, узгуш нэкІут. Абы нэхъыжьыфэу уІупльэми, сэ схуэдэ дыдэу абы еханэ классыр хьиуха ящІдет. Дызэрызэмыщхьми емыльытауэ, щІэх дыдэу абдзэ сэрэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. Дакъикъэ зыбжанэм фІыуэ дызэрыщІыхуащ. Абы сыхигъэгъуэзащ Къаншыуей нэс къызэрыкІуа Гъуэгум. Ар лъэсу къыпхрыкІат Елъхъуэт,Ботэщей, Акъбащ жьлгэжмкІэ икІи пщэдджьжьым Урыху деж къыщежьа щІалэр щэджагъуэхуэкІуэу Еханышуей къэсат. Автобус а зэманым иджыри зекІуэу щытакъым, закъуэтІакъэрэ блэж машинэхэми ар къызэдащтатэкъым. Сытми, апхуэдэурэ ар къэсат ди деж.

Дауэхьан дэ тІум пщэрылъ тщищащ пщыхьэщхьэ хъуху Мэлгъбэг цІыкІум дынэсу, уасэІыхьмэ хэту Урыху яГъэкІуэну я Іыхьлыхэм хъыбар едгъэщІэну. Дэри дахэтт апхуэдэ пщІэ къызыльысасэм. Гъуэгу дытехьэн инэу, Дауэхьан дриГъэдзэкъащ, дигъэІущащ адыгэ хабзэм зыщІэрезэгъын хуэдэу зэрызэІыпЫыжьыжьэр.

Тутей, кІарц жьыгэм нэхъ гъуму къудамэ зыриз къапылудщ, хьэ хьэулейхэм дазэрыпэщІэувэфым хуэдэу зызэщІедзэздри, дежьащ. ПщІэнтэкъым къуажитІым я зэхуаку далъ гъуэгуанэм узыщІихьэпІэнкІэ хьунур. Къуажэм дыдэ кІыху, хьэхэм я банэ макъыр увы-Іакъым, ди лъэ макъыр жьыжьэ зэрахуэхъуу зэщІэсабырэжащ. ЛІыхъужьыгъэм зедгъэхьу жьлэр къызэдгнэкІа щхьэкІэ, нэхъ гуГъур къытпэщыпІу къытщыхьрт. АрщхьэкІэ, Къаншыуей дыз зэрыдзэкІыу, сурэту ящІауэ фІэкІа умыщІэну щыуэпсым и тельэджкъэ псори ди пащхьэ къихутащ. Іуащхьэ лъагэзшуэхэм чэтэн удзыфэр хуэфІу траупхъуам хуэдэт, абыхэм я щІагъым курпІэпс цІыкІур щоуэ, адэжкІэ Іащхэмрэ бжэнхэмрэ гъудэ-бадзэм хуэбгъэдэну я кІыпІэщІолъагъуэ... ДакъикъипщІ хуэдэкІэ удэпщІэ щхъуантІэм зыщедгъэхуэхэр, гупсэхуу, тлъагъум зыщымдыгъэнщІу дыхэсащ. Ди гуэгум хэдгъэщІын зэрыхуейр къызэрыщІэжу, деж-жьащ. Ди къуажэм зыкъыщыщІэдзауэ пхъэ лъэмыжьы жьым нэсхуэкІэ гъуэгур егъэзэжьыгъуэт. Лъэмыжьым деж абы мащІэу зыкъыщыІэтыжьыри, ижьрабгъумкІэ Іуащхьэ лъагэхэр къытету, сэмэгурабгъумкІэ тафэу екІуэкІырт. Мэлгъэбэг къуажэ щыкІум дынэсы-ным километр зыбжанэ хуэдэ дэлъыжщ. Лъэмыжьым къыщыщІэдзауэ, зы дакъикъэ 40 хуэдэкІэ къызэдэкІащ ари. Даухэн зи щІэ къРиІуа и Іыхьлыхэр къэдгъуэтащ. Пэжьр жьлІэмэ, зыпэмыплъа хъыбар гуапэт яхуэтхьар.

Асыхэзэ Іэнэр къауэздри, нэхъыжьри къаргъэблэгъащ. Лыжьым къуэрпІулъ хьхьырт къагурымІуэу.

Гукъэкіыж

Хъыбарегъащіэ

КІэрашэ Анатолэ хузотх

ГуфІэгъуэ Іэнэм къыпэрашауэ арати, мащІэу ефа нэхъыжьым занщІэу къыгурыІуэщакъым дыкъызэдикІамрэ хьыбар къахуэтхьар зыхуэдэмрэ. Зэрэхъум хуэдэу хъуэхъу тхуиІэтэр, куэд, дэмыкІыу Іэнэм пэрысу ар Іуриахащ. Аргуэру къраджащ нэхъ ГъунэгъуУ хьэблэм дэс зы нэхъыжь. Ари зы хьэгъуэлІыгъуэ гуэр хэтагъэнти, Іэнэм деж куэдрэ зыщымыІэжьэу, къыхуагъэгъуну елъэІури, щІэкІыжащ.

КъызэрыщІалъэм хуэдэу, Анатолэрэ сэрэ псы Іэфі фІэкІа дефарт-тэкъым. Ди благъэхэм дзыхь ящІакъым ещанэ нэхъыжьыр къраджэну, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ ари ипэ итаитІым хуэдэу гуфІэгъуэ Іэнэ пэрысагъэнкІэ зыхуэІуа щыІэтэкъым.

ХьэгъуэлІыгъэм я гъэкІуэнум и бжьыгъэмрэ ар къызытехуэхэмрэ яубзыхуухкІэ, жэщыр сыхьэт ещанэм нэблэгъат. Зыдгъэпсэхуну дагъэгъуэлъами, нэхъ щІэхыжу дыкъагъэушыхри, гъуэгу дыкъытрагъуэвэжащ. ПщэдджыжьыМ сыхьэти 8-м дынэсжащ. Къаншуей, Тхуэзэфэкъэм дрипагэу, Даухэн ди зекІуэр къызэрыдэхъуліам и хъыбар хуэтІуатэри, Толэ ди куэжэм и Іэгъуэблагъэр езгъэщІыхуну дэсшащ. СыпІащІэрт абы ди курпІыпсыр, щхьэлыр, клубыр, ди щІыпІэ дахэкэр езгъэпсэлъагъуну.

КъыкІэлъыкІуэ махуэр щэбэтт. УасэІых КІэунэхуэр къызэхуэсащ. Къуажэ колхозым иІэ «ЗиС» хьэлъэзешэ машинэшхуэ закъуэм псоми зидгъащэри, дежьащ. Дызышэр машинэ псынщІу къвхуэкІыныр зи Іпым хэт Гъыдэ Сэлэдинт. Ауэ ар нобэ нэхъ сакъырт. ЦІыху 30 хуэдизэ зэрыс машинэр хуэмурэ ихурт.

Урыху дыщынэсам, пщыхьэщхьэхуэкІуэ хьуат. ХьэгъуэлІыгъуэм хэт псори зэхъэр, дауи, дэратти, гуфІэу пшынэ макъамэкІэ къыппежьащ, щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ нэфІэгуфІэу къызэдэфэу щІадзащ. Ди къухэхъуэр пэш щхьэхуэмкІэ ирагъэблагъэри, нэхъ щІалэхэр лэгъунлеймкІэ дыщІашащ, шхыныгъуэфІхэм ящІщ къыпІуагъэхуэну.

Ди ныбэ из зэрыхъуу, Толэрэ сэрэ пщІантІэм дыкъыдэкІащ зытІплъэхьну. Урыху псы уэрым и Іуфэр эздгъэльагъун хуейтэкъэ, жэщ кІыфым адэ жьыкъэ къызэпхыуКІырт псым и ушэ макъыр. Куэд хуейт ди курпІпс чэнэ цІыкІур абы щІэрыхьэным. Псыежэхэм и даущ макъым дыщІэдзэкІыу дызэдащІэсым, Толэ хьыдеджэ и ныбжьэгъуэхэр къыІухьащ. КІуэрыкІуэм тету шыпсэ гуэрхэр яхузэхэсЫхьэуэрэ урысыбзэкІэ ахэр къезгъэдалъэрти, сызэпаплъыхьырт къагурымІуэу.

Джылахъстэнейм сызэрыщыщыр зым къызэрыщІэу, къызэрызэпІъамкІэ къызгурыІуащ игу сызэрыримыхьар. КъызэрыщІэкІамкІэ, ари дэ дэщхьу зэгуэр уасэІыхьм хэтуБотэщей къуажэ къэкІуат. Къуажэ щІалэжь цІыкІуэм ар жэщым зымыгъэкІэ тутей жьгым драхуейри, зэи абы къыпымыкІа балийм яГъэпъыхьауэу щытат. ИужькІэ щыдыхьэшхьэу «балий мыхьу ухуейкъэ?» - жаІэурэ яГъэбэмпІэжат.

Щэн хэмылъу, ар къищІэжат абы, Джылахъстэнейм сызэрыщыщыр щІэзэхихьм. Зы тэлайкІэ ар къытІэщІэмылъагъуэжу ткІэщІэкІуэсыкІащ, арцрьэкІэ куэдри къэмыту, кІэртІофрэ кхъуейлъалъэрэ зыдэлъ жьхьлъэ пщтырэр иБыГъуу къыІухьэжащ. Урыху псы Іуфэм щхьэхуэсэ щІалэгъэгъуэм ирагъэгъэшэкІыуре си деж къыщысым, ар къызэупщІащ нэхъ сфІэфІмкІэ. Жьыслащ къхуейлъалъэ зыдэлъыр нэхъ къызэрысщтэр. ПІырыпІыжу езыр пщтырэр пщтыру абы къыСхуициящ зы. АпхуэдизкІэ абы сехъуэпсагъ, занщІэу седзэкъащ. МафІэ си жьэм кхъыжьэдадзами ярейт, си жьэ кІуэцІыр зыгуэрым кхрисыкІырти, сымэбзуэфу, си бзэгур схуэмыгъэхъеижу асхьхэтым щыщІащ. Толэ къысІэщІэна хьэлыжэ ныкъуэр къысІэщІэна хьэлыжэ щыбжиІэ сыр дыдэ далъхьауэ къыщІэкІащ. АпхуэдизкІэ сигъэгъэзэвати, псыежэхым ІэгукІэ псы кхьхэсхьуэрэ сефэрт, нэгъуэщІ Іэмал къыхуэмыгъуэту. Толэ жэри сэхуран дагъэ кхъыжьэуІэнум. Си Іуэрэ хуат ар къызэрысщхьэщыжар. КъызэрыщІэкІамкІэ, хьэлыжэ нькуэр езы щІалэм абы иригъэшхьжат. АпщІондэху жэщыр хэкІуэтащ, сыхьэт пщыкІутІыр екІуэкІыу къыщІэкІынт. УасэІыхьм ежьжьыну зигъэхьэзырами, бысымым куэдрэ даІыгъащ дыкъыдамыгъэкІыжу. Толэрэ сэрэ нэхъыжьхэр зыщІэсымкІэ драджэри, дунейм тет хьэшыпыр (сабын, гъуджэ, дыху, лъэпащ, бэльтоку, мажьэ, н.) зыкІэрахъа тепхъуэр и къытКІэралъхьащ, а псом и щІыІуж сом щырыщ къыдатащ (а зэманым арахъшэфтІ, зы гъэуншэджрэ кІэстумрэ къыщІэкІырт).

УтыкумкІэ уплъэмэ, благъэщІэ зэхуэхъуэрэ кІыхьЫыхьу зэпсалъэрт, кьафэр зэпыухэрэтэкъым. Сытми, жэщым сыхьэтищІэ екІуэкІыу Урыху дыкъыщІэжьащ. Къуажэм дыкъыщысыжар нэхущырщ. Си зэрани хэмылъу шыбжийм ирагъэса си бзэгур иджыри мафІэм илыГъуэрт, апхуэдэу махуэ зыбжанэкІэ бжьыбжьыр хэкІыжатэкъым. А уасэІыхьар сэ си гъащІэ псокІэ сигу кьинэжьитэкъэ! Толэ хьэгъуэлІыгъэм иужькІэ, зы ильэс 30 хуэдэкІэ сльэгъуэуэ къыщІэкІынкъым. ИужькІэ зэрымыщІэкІэ Арщыдан къуажэ дыщыщэхуэмыязэжауэ зы жьэ тІри дыкъэпсэльат: «КъуейлІалъэ зыдэлъ хьэлыв пшынт?» - жьытІэри...

КІЭРАШЭ Михаил.

Адыгэ хабзэ

КІасэ Хьэзрэіил и псэм щыщ Іыхьэ

Псыгуэнсу къуажэм 1932 гъэм къыщалъхъа КІасэ Хьэзрэіил къызэрыгуэкІ лэжьэкІуэжьт. Ар дунейм зэрыхькрэ илъэс 20 мэхъу. Хьэзрэіил уухаКІуэ Іэзэти, и кІуажэгъуэм Іэхъутхьэбзэкэр яхуи-кІыдзэрэ хьыбарегъащІэ къыхуихьат. Ар фІыуэ

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуаздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща ТхьэкIумашэ Михаил и лэжьыгъэхэр. Выставкэр къызэрагъэпэщащ скульптор щIэрыIуэр илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ.

ТхьэкIумашэ Михаил и гъэлъэгъуэныгъэ

● Гъуаздджэ



ЗэХЫХЬэ гуапэр ирагъэкIуэкIащ Лъэпкъ музейм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат **Накуэ Феликсрэ** Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхь хэлъ драмэ театрым и артисткэ **КIэхумахуэ ФатIимэрэ**. Абыхэм къыхагъэщащ ТхьэкIумашэ Михаил и лэжьыгъэхэм республикэм и къалащхьэм кьыгуэхьпIэ зэрамыIэр икIи арыншауэ уи нэгу къызэрпхущIэмыгъэхьэнур.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** гъэпсэгъуэнигъэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ республикэм, къэралым и гъуазджэм, художественнэ щэнхабзэм я лъабжьэр зыгъэтIылъа, абыхэм хэлъхьэныгъэфIэхэр хуэзыщIа ТхьэкIумашэ Михаил нэхъапэми хуэдэу дунейм и дахагъэр куууэ зэрызыхиущIэр. Министрыр кIэщIу къытеувыIащ скульпторым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ:

- ТхьэкIумашэ Михаил ящыщщ Хэку зауэшхуэм и ужькIэ япэ щIыкIэ Саратов, иужькIэ Дон Іус Ростов къалэхэм еджакIуэ ягъэкIуа зэфIэкIзиIэ ныбжьыщIэхэм. Ильэсибл дэкIри, абы япэ скульптурэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Апхуэдэщ республикэм и районхэм, къуажэхэм, къалэхэм я утыкухэм, парркэм щагъэува и лэжьыгъэхэр. Абы и Iэдакъэщ Iэкlхэм ахэр зэрагъэдахэм къыдэкIуэу щIыналъэм и тхыдэр, цIыху цIэрыIуэхэр, узэщIакIуэхэр, усакIуэхэр, сурэтыщIхэр, кхъухьлъатэзехуэхэр, спортым, макъамэм къыхэжаныкIахэр, республикэм и тхыдэм зи цIэ къыхэнахэр уи нэгу кьыщIагъэхьэ. Уасэншэщ абы Къалмыкъ БетIал, Мэлбахьуэ Тимборэ, ПащIэ Бэчмырзэ, Нэгумэ Шорэ, Щоджэнцыкlу Алий, Кlыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Темыркъан Юрий, нэгъуэщIхэм яхуищIа фэ-ешIхэр. Республикэм щыпсэухэм я дежкIэ а лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. ТхьэкIумашэр «гъуаздджэм и дунейм» щыцIэрыIуэщ ди зэманым и япэ профессиональнэ лъэпкъ сурэтыщIхэм ящыщ зыуэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ар кьоГъуэгурыкIуэ Урысей Ипщэм пщIэшхуэ щызиIэ и скульптору.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий ТхьэкIумашэ Михаил сурэтыщI гъуаздджэм зегъэужьыным езым и щхьэкIэ куэд зэрыхищIыхьам къыхэкIыу хуигъэфэща республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - «КъБР-м и пащхьэм щIэфIыщIэхэм папщIэ» орденыр - Къумахуэ Мухьэдин нэхъыжьыфIым щритыжьым жриIащ республикэм исхэм ар фIыуэ зэралъагъур, пщIэ зэрыхуащIыр, и лэжьыгъэхэм зэрыригушхуэр. Министрыр ТхьэкIумашэм гуапэу екъуэхъуащ узынщагъэ быдэрэ дзрэжэгъуэрэ иIэу гъуаздджэм хуэлэжьэну, и лэжьыгъэфIэхэмкIэ дигъэгуфIэу илъэс куэдкIэ ди япэ итыну.

- Гъуаздджэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъумэным гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ илъэс 60-м щIигъуауэ узэрыхуэлажьэм, ехъулIэныгъэфIэхэр абы уэзрыщIэм дрогушхуэ. Апхуэдэу хуабжьу дыщогуфIыкI уи гуащIэмрэ къарумрэ зэрымыкIуэщIым, гъуаздджэм ехьэлIауэ щIэхэм уэзрылъыхъуэмрэ къызэрыбгъэтымрэ. Республикэм и сурэтыщIхэр ди гуапэу дынохъуэхъу узынщагъэ, екъулIэныгъэ, гукъыдэж ущымыщIэу илъэс куэдкIэ утхуэпсэуну! - зыхуигъэзащ юбилярым КъБР-м и Сурэтыщ Iэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий**.

Апхуэдэу Темыркъаныр кьеджащ УФ-м и Сурэтыщ Iэм я зэгухьэныгъэм кьыбгъэдэкIыу ТхьэкIумашэ Михаил кьыхуагъэхьа хъуэхъу тхыгъэм.

Цыхуэм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, республикэм и цIыхубэ сурэтыщI **Пащты Герман**, Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Семэн Пщыкъан** сымэ ТхьэкIумашэ Михаил гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIэхэр, далъагъу хьэл-щэн дахэхэр къалъытэу псалъэ гуапэхэмрэ хъуэхъухэмкIэ зыхуагъэзащ, саугъэтхэр иратащ.

ГуфIэгъуэ зэхьыхьэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ. ТхьэкIумашэ Михаил фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр кьыззэзыгъэпэщащэм, абы зыкъ-резыгъэхьэлIахэм, псалъэ гуапэхэр кьыхужьыIахэм. Выставкэр мазэкIэ ягъэлъэгъуэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Кубокым хуэзышэ япэ лъэбакъуэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 24-м. ЦIыху 250-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Ермаков (Краснодар), Шустров (Крымск), Къуэшыкъуэ (Белореченск).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Миронов (Абидинов, 56), Муслуев, Шахтиев, Абазэ, Магомадов, Каркаев (Захарченкэ, 68), Медников (Алиев, 74), Михайленкэ, Ахриев (Мэшыкъуэ, 80), ПIуп (Гугуев, 46).

«Мэшыкъуэ-КМВ»: Стажилэ, Кабулов, Борисов, Джатиев (Карибов, 75), Родионов, Парсаданян (Мулляр, 88), Ваниев, Фролов, Гыстаров, Ткачёв (Волков, 77), Хугаев.

Топыр дигъэкIащ Шахтиевым, 55 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ Муслуевым.

Ялэ, етIуанэ дивизионым щыджэгугъэм я дежкIэ Урысей Федерацэм и кубокым ехьэлIа зэхьэзэхуэр зыкъыщагъэлъэгъуэну Iэмал хъарзынэ щагъуэт зэпеуэщ. ГурыIуэгъуэщ абыхэм саугъэт нэхъыщхьэр къахьыну хуабжьу гугъу зэрыхъунур, абы щыгъуэми, финалым нэхъ пэгъунэгъу хьухукIэ, командэ нэхъ лъэщхэр хьэрхуэрагъу кьахуэхъуурэ, я цIэр фIыкIэ ягъэIу, кьадэщIхэми я нэгу зрагъэужь. Кьапщтэмэ, финалым и 1/32-нэ Іыхьэм - ялэ дивизионым, адэкIэ премьер-лигэм щыджэгугъэм ялэщIэтыныщ. Ар футболым зезыгъэужь, абы куэд дезыгъэхьэх Іэзыгъуэщ.

Кубокым хуэзышэ ялэ лъэбакъуэр «Спартак-Налшыкым» финалым и 1/128-нэ Іыхьэм щичащ. Нэхъ пасэжу абы хьэхащ вэсэмахуэ хьэрхуэрагъу кьыхуэхьуа Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р. Финалым и 1/256-нэ Іыхьэм ипкъ иткIэ, тхьэмахуэ ипэкIэ ар и стадионым 4:0-у щытекIуащ Осетие Ищхьэрэ - Аланием и «Спартак-Владикавказ»-м икIи налшыкдэсхэм къапэщIэхуащ.

«Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэр удэзыхьэх хьуауэ пхужьIэныкъым. Футболистхэр хуэмт, топыр щызэIэпахкIэ куэдрэ щыуэрт, гукъыдэжьышхуэ яIэуи плъагъуртэкъым. Джэгум еплъыну кьрихьэлIа цIыху мащIэми ахэр зэрыпрагъэгушхуэн кьару яIэтэкъым, языныкъуэхэм хуабжьу гугъу зрагъэхь пэтми.

Апхуэдэу щытми, хэгъэрейхэм тепщэныгъэр ящыбыдыну хущIэкъуащ. ПIуп Исламэ адэ-мыдэкIэ кьыщыщIидзырт икIи жьыджэрагъ гуэр губгъуэм итхэм яхилъхьэну хущIэкъурт. Ар кьыщIехьулIи кьэхъурт.

ХьэщIэхэр нэхъ хуэмыхужьт. ЗэIущIэм и епщыкIубгъуанэ дакъикъэращ ахэр ди гъуэм кьыщеуэфар.

Джэгум и яп Іыхьэм икуэм «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр къызэIуихыну Iэмал гъуэзэджэ къыхукъуэкIащ. Абазэ Астемыр Іэзэу кьыхита топыр Ахриев Хьэсэн гъуэм дигъэхьэну кьыхуэнэжауэ арат, арщхьэкIэ ингуш щIалэм ар хуэзфIэкIакъым. ДакъикьитI нэхъ дэмыкIыу Ахриевым ар зы Iэмал кьыхукъуэкIащ. Аргуэрыжьи, ар зэуа топыр гъуэм блэщIэфтащ.

Командэхэм загъэпсэхуну икIа иужькIэ, ди тренерхэм яхъуэжащ налшыкдэсхэм нэхъ жьыдэжру яхэта ЛIупыр. Абы и пIэкIэ кьаргъэхьа Гугуев Магомед иIа зэфIэкIыр зэфIэувэжыным иджыри куэд зэрыхуейр джэгум кьигъэлъэгъуащ икIи адрейхэм къаззрыхэща щIагъуэ щыIэкъым.

55-нэ дакъикьэм «Спартак-Налшыкым» и насып кьикIащ. Угловой кьыхата иужькIэ, топыр Шахтиевым и деж кьэлъеящ икIи Хьалид и кьару кьызэрихькIэ абы еуэри, бжыгъэр кьызэIуихащ.

Мис иджы лъэныкъуитIми я футболистхэм я лъэр нэхъ щIэкIыну кьыпщыхъунут. АрщхьэкIэ апхуэдэу кьэхъуакъым. Джэгуну иджыри сыхьэт ныкъуэм щIигъу кьэнэжа-ми, хуэм дыдэу ар и кIэм нагъэсащ. Пэжщ, «Мэшыкъуэ-КМВ»-м бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжыну зы Iэмал хъарзынэ кьыкуэкIаат, арщхьэкIэ ди гъуащхьэтет Щоджэн Борис ар кьызэпиудащ.

Арати, 1:0-у текIуэри, «Спартак-Налшыкым» Урысей Федерацэм и кубокым ялэ лъэбакъуэр хуичащ. КъыкIэлъыкIуэу, финалым и 1/64-нэ Іыхьэм, шыщхьэуIуэм и 8-м ар ІущIэнущ вэсэмахуэ Мэхъэчкъалэ и «Легион Динамо»-р 2:0-у хэзыгъэщIа, адыгэ щIалэ зыбжанэ зыхэт Нэзрэн и «Ангушт»-м. ЗэIущIэр щекIуэкIыну щIыпIэр пхъэидзэм мыгувэу иубзыхунущ.

Ди тхыгъэм и кIэухыу псалъитI-щы хужьытIэну дыхуейт «Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ» зэIущIэр кьызэрызэрагъэпэща щIыкIэм. Вэсэмахуэ джэгум еплъыну кьекIуэлIа цIыху мащIэм ягу зригъэбгъажат Налшык и «Спартак» стадионым и щытыкIэм. Нэрылъагъут накъыгъэм и кIэухым щыIа иужь зэIущIэм лъандэрэ абы щIыхуIэ зэремыIусар: ТIысыпIэхэр сабэм Іуву зэщIищтати хэти хьыдан кIапэ, хэти газет кьилъыхьуэрт аэр иригъэкъабзэу тетIысхьэну; зэхьэзэхуэр кьыщыззIуахым кьрагъэуа кьэрал гимныр зэхэпх кьудейт, дикторым и псалъэхэр зэхэпщIыкIырэкъым. А псори цIыхуэхэр стадионым кьыщIэмыкIуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ икIи зи пщэ кьыдэхуэхэм гу зылъатапхьэщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Топджэгум дихьэххэр зэралъэкIкIэ хущIэкъурт командэхэр трагъэгушхуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и шахматист нэхъыфIхэм ящыщщ Джэдгъэф Чэмал. А спорт лIэужьыгъуэмкIэ ар спортым и мастерщ.

Джэдгъэф Чэмал и ехъулIэныгъэхэр

● Шахматхэр

ДЖЭДГЪЭФ Чэмал Зеикъуэ (ХьэтIохъущIыкъуей Ипщэ) кьуажэм 1960 гъэм кьыщалъхуащ. Ар зэкъуэшитхум я нэхъыщIэщ. Зэгурыуэрэ зэдэIуэж унагъуэшхуэм щапIащ, лэжьыгъэмрэ гугъуехьымрэ яхуэфэщэн пщIэ хуищIу.

Зэкъуэшхэм я нэхъыжь Мухьэмэд школ нэужьым Прохладнэ къалэм щеджащ. Абы щыщIа лъэхъэнэм шахмат джэгукIэр зригъэщIащ икIи и унагъуэм щIэсхэр дригъэхьэхащ. Псом хуэмыдэу а спорт лIэужьыгъуэм итхьэкъуат Чэмал. Абы апхуэдизу шахматхэм я щэхуэр кьипхъуатэрти, япэщIыкIэ и кьуэш нэхъыжьхэр, ныбжьэгъу цIыкIухэр, итIанэ нэхъыжьыIуэхэри хигъащIэ хьуащ. Ар, дауи, а Іэхугъуэм щэщIауэ хуезыгъэсэн тренери школ щхьэхуи а зэманым щыIакъым. ХэкIыпIэр, шахматхэм теуха тхьапIэкэр кьищэхуурэ, езым зигъэсэжьнрат. Ар абы гъуэздджэ къехъулIащ. Уеблэмэ «Бакданский вестник» район газетым иджы «Шахмат клуб» рубрикэр щрегъэкIуэкI.

Нобэ Джэдгъэф Чэмал Къэбэрдей-Балъкъэрым и шахматист нэхъ пIэрэзехьэхэм ящыщщ. Ар республикэм и чемпионщ, спортымкIэ мастерщ. Ди кьэралми нэгуэщI щыпIэхэми зэхьэзэхуэ куэдым щыхэтащ икIи ехьулIэныгъэфIэхэр щызыIэригъэхьащ. Гукъинэж нэхъ щыхуэхэм ящыщщ Абхъазым, Словакием, Германием щыIахэр. Абыхэм увыпIэфIэхэр кьыщихьам кьыщымынэу куэд щызригъэлъэгъуащ, шахматист цIэрыIуэ зыбжанэ щызригъэцIыхуащ.

- Шахматистхэр псэлъэгъуейуэ жаIэ, - кьыддогуашэ Джэдгъэфым и ныбжьэгъу икIи и кьуажэгъуэ Дышэкl Алий, - ар Чэмал апхуэдэкъым. Сыт хуэдэ Іэзэкlэ убгъадыхьами и псэлъэкIэ къудейм удехьэх, сыткIи зыкьыпщIигъэкъуэну хьэзырщ икIи ар хуабжьу цIыху гуапэщ.

Джэдгъэф Чэмал бынунагъэущ. Шэджэм кьриша и щхьэгъусэ Эллэрэ абырэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдопсэу икIи я хъугъэфIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу щыт япхъу цIыкIур зэдаII. И насып Тхьэм яригъэлъагъу!

Шахматхэм я дежкIэ Чэмал и ныбжьыр фIы дыдэщ. Шэч кьытетхъэркьым абы и ехъулIэныгъэхэм иджыри мызэ-мытIэу дызэрыщыгуфIыкIынум.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Хэгъэзыхьыншэу Іэщэр ят

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м Бахъсэн Ипщэ къуажэм щыщ цIыхухъум Урысейм и МВД-м и Іуащхьэмахуэ щIыналъэ къудамэм зыхуигъэзащ.

АБЫ ЗЭРЫЖИIАМКIЭ, псэуалъэжьыр щрихым, закъуэрыуэ щакIуэ фочым ещхь фокIэщI а махуэ дыдэм къигъуэтащ. Ар дунейм ехьыжа и адэм ейт. Къэпщытэныгъэ Іуэхугъуэ псори зэфIэкIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэм ипкъ иткIэ, ита Іэщэм пэкIуэ ахъшэр ягъэбелджылынущ.

Автомашинэкlэ зигъэпщкlужат

2017 гъэм накъыгъэм и 3-м сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 30-м Налшык Кировым и щIэр зезыхьэ, Московскэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж ямыцIыху гуэрым цIыхубэ блэкIым и сумкэр щыIэщIиудри, ВАЗ-2114 автомашинэмкIэ зигъэпщкIужат. Сумкэм сом мин 15 дэлэт.

ИПЪЭС 42-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубэм хабзэхъумэхэм захуигъэза нэужь, уголовнэ-къэлъыхьуакIуэ Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм хъунщIакIуэр яубыдащ. Ар Аруан щIыналъэм хьыхь Псыгуэнсу къуажэм щыщу кьыщIэкIащ. Илъэс 21-рэ зи ныбжь бзаджащIэм илэжьамкIэ зиумысыжри, цIыхубэм кьытрихар кьриты-жащ.

Уголовнэ Іэзэу кьызэIуахауэ, хъунщIакIуэм зэхищIыхьар зэхагъэкI.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Іуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ялэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэзэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Замирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.455 ● Заказ №935